

Jwenn Swen. Jwenn Pwoteksyon.

*Pwogram Avantaj Planing
Familyal la ak plis toujou*

A photograph of a young man and woman smiling and looking towards the right. The man is in the background, slightly out of focus, wearing a light-colored polo shirt. The woman is in the foreground, wearing a light grey t-shirt, with her hair styled in long, wavy brown hair.

NYC

Human Resources
Administration
Department of
Social Services

Sa ki nan Tili v la



Kisa Pwogram Avantaj
Planing Familyal la ye? 3

Ki avantaj li ofri? 4

Kiyès ki kalifye? 4

Kijan pou mwen aplike
pou FPBP? 7

Kisa Kalifikasyon
Prezime ye? 8

Ki kote pou mwen ale
pou aplike pou FPBP ak
resevwa sèvis pwogram
nan garanti? 11

Kijan mwen kapab jwenn
plis enfòmasyon sou FPBP? 13

Opsyon Asirans Sante 14

Ki lòt chwa mwen genyen
pou jwenn swen medikal
si mwen pa ka jwenn
pwoteksyon nan Mache
NYSOH la? 15

Kisa Pwogram
Avantaj Planing
Familyal
la ye?



Pwogram Avantaj Planing Familyal (Family Planning Benefit Program, FPBP) se yon pwogram asirans sante Eta New York ki gratis ak 100% konfidansyèl ki espesyalsman pou bay sèvis sante seksyèl ak repwodiktif pou adolesan, fanm, ak gason ki satisfè sèten kondisyon. Pwogram sa a disponib pou ou si ou pa gen asirans, ou gen asirans prive, oswa ou gen pwoteksyon Child Health Plus epi ou vle kenbe bezwen ak sèvis sante seksyèl ak repwodiktif ou yo konfidansyèl. Ou kapab aplike pou 3 mwa pwoteksyon retwo-aktiv.

Nòt: Ou p ap ka jwenn FPBP ou si ou gen pwoteksyon Medicaid paske ou kapab jwenn sèvis sante seksyèl ak repwodiktif konfidansyèl nan Medicaid.

Ki avantaj li ofri?

Sèvis Gratis FPBP garanti yo:

- ▶ Tout kalite planing: (**grenn pou pa ansent, kapòt, dyagram, patch, aparèy yo foure nan matris ou pou w pa ansent (intrauterine device, IUD), Depo-Provera, NuvaRing ak plis toujou**) epi ede ou chwazi yon metòd planin ki apwopriye pou ou.
- ▶ Sèvis kontrasepsyon ijan (Plan B) ak swivi
- ▶ Egzamen pou prevansyon maladi
- ▶ Konsèy ak tèspou STI (enfeksyon moun pran nan fè bagay) ak VIH (viris iminodefisyans imen)
- ▶ Konsèy ak tèspou gwosès

Sèvis FPBP pa garanti:

- ▶ Sèvis Gwosès ak Prenatal
- ▶ Avòtman
- ▶ Vaksen pou HPV (Papilomavirus Imen)
- ▶ Tretman Fètilite
- ▶ Swen ki pa gen pou wè ak yon randevou planing famiyal

Kiyès ki Kalifye?

Ou kapab jwenn pwoteksyon nan FPBP si:

- ▶ Ou se yon adolesan, jenn adilt, fanm, oswa gason nenpòt ki laj
- ▶ Ou se yon rezidan Eta New York
- ▶ Ou se yon sitwayen ameriken oswa yon imigran ki gen papye legal
- ▶ Revni ou nan menm nivo oswa pi ba pase montan revni pwogram la fikse kòm kondisyon*

***Si ou vle kenbe sèvis ou yo konfidansyèl, ou kapab aplike poukont ou**





Kijan pou
mwen aplike
pou FPBP?

Pou w ka aplike pou FPBP, w ap bezwen ranpli yon aplikasyon yon paj epi soumèt dokiman sa yo ak aplikasyon ou a:

Pyès idantite ak foto ou (pote youn): tankou kat idantite lekòl, lisans chofè, paspò, oswa lòt pyès idantite ofisyèl

Prèv laj ou (pote youn): tankou Batistè, dosye adopsyon oswa swen nan fwaye dakèy, dosye ofisyèl lopital oswa lekòl

Prèv sitwayènte ou (pote yon dokiman orijinal): tankou Batistè, paspò, sètifika natiralizasyon, kat rezidans

Prèv adrès ou (dat ki sou li se nan 6 dènye mwa yo - pote youn): tankou yon pyès idantite ak foto avèk adrès ou, yon anvlòp ou te resewa pa lapòs, yon bòdwo pou sèvis piblik, oswa yon lèt oswa kontra lwaye

Kat Sekirite Sosyal oswa mete ou pre pou ou bay nimewo a aloral

Prèv revni ou (pote tout sa ki apwopriye): tankou souch chèk; lèt travay ou ki endike revni ou; lèt chomaj, sipò timoun, lèt rekonpans pansyon alimantè oswa souch chèk; si ou pa gen okenn revni, ekri yon lèt ki di ou gen fanmi ki ba ou lajan

Dokiman ki montre nenpòt depans gadri (sèlman si ou fè depans pou gadri)

Kisa Kalifikasyon Prezime ye?

Kalifikasyon Prezime bay pwoteksyon imedya pou moun ki sanble yo kalifye pou FPBP avan yo soumèt yon aplikasyon konplè. Pou w ka gen kalifikasyon prezime, ou dwe ale kay yon pwofesyonèl swen sante Planing Familyal Medicaid. Manm pèsònèl la pral ede ou ranpli yon fòm evalyasyon pou ede detèmine si ou kalifye pou FPBP.

Ki dokiman ou bezwen pou jwenn Kalifikasyon Prezime?

Ou pa bezwen bay okenn dkiman.

Ou jis bezwen endike enfòmasyon sa yo:

1. Idantite ou
2. Laj ou
3. Revni ou
4. Rezidans ou
5. Kantite moun ak ki moun ki lakay ou
6. Sitwayènte ou ak si ou gen papyè imigrasyon ki nesèsè

Kisa Kalifikasyon Prezime vle di pou mwen?

Kalifikasyon Prezime vle di ou pral resevwa yon kat Medicaid ak tout aksè nèt nan sèvis FPBP garanti yo depi jou evalyasyon an jiska dat yo trete aplikasyon an epi yo jwenn ou kalifye pou FPBP. Si ou pa soumèt oswa ranpli yon aplikasyon, pwoteksyon prezime ou a ap fini dènye jou mwa ki vini apre mwa evalyasyon an. Se pa tout moun ki ka jwenn Kalifikasyon Prezime.



Ki kote pou mwen ale pou aplike pou FPBP ak resevwa sèvis ki garanti yo?

Ou kapab aplike pou FPBP kay kèk pwofesyonèl swen sante. Pou resevwa sèvis swen sante seksyèl ak repwodiktif, ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki aksepte Medicaid. Sa gen ladan famasi, doktè swen prensipal, sant swen kominote ak nan lekòl, klinik ak lopital planing famiyal.




Anba la a se yon lis pwofesyonèl swen sante FPBP ak sit enskripsyon ki bay 5 minisipalite yo sèvis:

***Tanpri rele pou konfime si pwofesyonèl swen sante a ofri asistans ak FPBP nan sit la**

Pwofesyonèl Swen Sante Pou jwenn yon lis konplè pwofesyonèl swen sante ak sit enskripsyon yo, ale sou: www.nyc.gov/famplan	Nimewo Telefòn ak Sitwèb	Adrès Sit Minisipalite pou Pwofesyonèl Swen Sante yo
Community Health Care Network	866-246-8259 www.chnny.org	Bk, Bx, M, Q
Institute for Family Health	212-206-5200 www.institute2000.org	Bx, M
MIC-Women's Health Services	866-642-5589 www.healthsolutions.org/mic	Bk, Bx, Q
Montefiore Medical Center	800-MD-MONTE www.montefiore.org	Bx
Morris Heights Health Center	718-716-4400 www.mhhc.org	Bx
Mount Sinai Adolescent Health Center	212-423-3000 www.mountsinai.org	M
NYC Health and Hospitals Corporation	Yo gen plizyè sit -tcheke sitwèb la pou yon lis konplè www.nyc.gov/hhc	Bk, Bx, M, Q
Planned Parenthood of NYC	800-230-PLAN www.ppnyc.org	Bk, Bx, M, SI
Staten Island University Hospital	718-226-9000 www.siu.edu	SI
The Door Adolescent Health Center	212-941-9090 ekstansyon 3222 www.door.org	M

A photograph of a man and a woman embracing at night. The man is wearing a brown beanie and a grey jacket, and the woman is wearing a white tank top and blue jeans. They are standing in front of a brick wall. The background is dark with some blurred lights.

Kijan mwen
kapab
jwenn plis
enfòmasyon
sou FPBP?



Pou jwenn plis enfòmasyon sou FPBP
oswa lòt pwogram asirans sante,
tanpri kontakte:

- ▶ Biwo HRA Aksè nan Asirans Sante pou Tout Vil la nan www.nyc.gov/hilink oswa rele **929-221-6793**
- ▶ Access NYC nan www.nyc.gov/accessnyc
- ▶ Planned Parenthood of NYC nan www.ppnyc.org oswa rele **212-965-7000**
- ▶ Depatman Sante Eta New York nan www.health.state.ny.us oswa rele **800-541-2831**



Opsyon Asirans Sante

Sante Eta New York (NY State of Health, NYSOH), Mache Plan Sante Ofisyèl Eta New York la se yon nouvo fason pou Moun ak Ti Biznis yo jwenn asirans sante. Li ofri sèvis Medicaid, Child Health Plus, ak Swen Prenatal atravè Medicaid, Medicaid pou tretman yon pwoblèm medikal ijan, ak asirans sante prive. Sa a rele the antretyen ki kote ki kote epi tou ou chèche èd to pi ba the pri of asirans sante prive pwoteksyon. Tanpri ale sou sitwèb www.nystateofhealth.ny.gov pou enskri oswa rele nimewo **1-855-355-5777**

Ki lòt chwa mwenn genyen pou jwenn swen medikal si mwenn pa ka jwenn pwoteksyon nan Mache NYSOH la?

Gen plizyè pwogram ak resous ki disponib pou ou si ou pa kalifye pou asirans sante pibik, epi ou gen resous ki limite. Kèk resous pou swen medikal ki disponib se:

NYC Kòporasyon Sante ak Lopital (Health and Hospitals Corporation, HHC)

HHC bay rezidan New York yo mwayen pou jwenn swen sante grasa Opsyon HHC, ale sou sitwèb **www.nyc.gov/hhc**

Sant Sante Kominotè

Sant Sante Kominotè yo bay swen medikal sou yon elèv ak frè varyab. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **www.chcanys.org/**

Sante Sante Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH)

DOHMH bay tout moun ak fanmi yo sèvis swen sante tankou vaksen, tès pou maladi moun pran nan fè bagay sèvis tibèkiloz yo ak vaksen pou grip. Pou kapab jwenn yon lis tout adrès sant yo ki nan tout vil la, ale sou **www.nyc.gov/health**

Sant Sante nan Lekòl yo (School-based Health Centers, SBHCs)

Kèk NYC lekòl piblik gen SBHCs ki bay swen medikal pou nenpòt timoun ki enskri nan lekòl sa a gratis pou fanmi timoun nan. Jwenn Plis Enfòmasyon nan **www.nyc.gov/schools**

Pou jwenn plis enfòmasyon, fòmasyon, ak atelye,
tanpri kontakte Biwo Aksè nan Asirans HRA a nan
OCHIA@hra.nyc.gov oswa ale sou www.nyc.gov/hilink



Bill de Blasio
Majistra

**Human Resources
Administration**
Department of
Social Services

Steven Banks
Manm Komisyon



@NYCHRA

You Tube HRA NYC



nychra



© Dwadotè 2017, Vil New York, Administrasyon Resous Imèn/
Depatman Sèvis Sosyal, Pou jwenn pèmision pou repwodui tout oswa
yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn vil
New York.

BRC-962 (D)
Rev. 05/17